# Нөкис қаласы ҳәм Хожели районында терек егиў акциясы шөлкемлестирилди

**Бүгин Қарақалпақстан Республикасы Нөкис қаласы ҳәм Хожели районында терек егиў акциясы болып өтти. Оған Өзбекстан Республикасы Бас министриниң орынбасары Шуҳрат Ғаниев, Өзбекстан Аўыл хожалығы министриниң биринши орынбасары Шуҳрат Тешаев, Тоғай хожалығы мәмлекетлик комитети баслығы Низомиддин Бакиров, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының Экология ҳәм Аралбойы аймақларын раўажландырыў мәселелери бойынша биринши орынбасары Жусипбек Казбеков, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының Аўыл ҳәм суў хожалығы мәселелери бойынша орынбасары Сабир Хожаметов сондай-ақ, аўыл хожалығы хызметкерлери менен бирге белсенди жаслар қатнасты.**

**Image not found or type unknown**

**Image not found or type unknown**

Бул акцияны өткериўден мақсет Қарақалпақстан Республикасы аймағындағы көшелерде ҳәм дем алыў орынларында декоратив тереклер менен мийўе нәллерин ғалаба түрде егиў сондай-ақ, оларды тәрбиялаў мәдениятын қәлиплестириўге қаратылған.

Image not found or type unknown

Республикамыздың көркине көрк берип турған декоратив тереклерди асыраў, оларды тәрбиялаў бәршемиздиң ўазыйпамыз. Соның менен бирге тәбият нызамларына әмел етиўимиз шәрт. Мәселен бир ғана теректи кескен адам экологияға қанша зыян жеткергенин сезиниўи керек, өйткени бир теректиң кесилиўи кислородтың белгили дәрежеде кемейиўине алып келеди.

Image not found or type unknown

Сондай-ақ, Хожели районы «Саманкөл» АПЖ «Шукириллаева Толғанай» фермер хожалығында көргизбели семинар шөлкемлестирилди. Онда аўыл хожалығы механизаторларына еки миллион сўм қаржылай ҳәм азық-аўқат өнимлери тарқатылып хошаметленди.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Соның менен бирге қатнасыўшылар үй алды қыйтақ жеринен үнемли пайдаланып, қосымша төрт пуқараның бәнтлигин тәмийнлеп отырған Хожели районы «Шағалакөл» МПЖ турғыны Нурымбетов Қалныяздың шаңарағында болып, оның дийқаншылығы менен танысты.

Image not found or type unknown

ҚР Министрлер Кеңеси Мәлимлеме хызмети